



Liy direktris Piblisite:

Ajans Èd Familyal

*Kesyon Moun Poze souvan ak
Repons de Connecticut Department
of Consumer Protection*

Ki sevis HCA ka ofri?

Yon ajans ak pèsonèl kap travay pou ajans lan, ka ofri:

- Sèvis menajè tankou lave, al achte pwovizyon, fè manje, netwaye kay, ak èd pou ijyèn pèsonèl.
- Akonpayman tankou pou jwe kat, puzzles, fè konvèsasyon, al mache, ak jwe.
- Ede nan met rad, benyen, ak ale nan twalèt.
- Sipèvizyon pou asire sekirite kliyan.
- Rapele kliyan lè pou l pran medikaman.

Kisa yon HCA pa otorize fè?

Yon ajans pa kapab:

- Fè piblisite pou sèvis enfimye oswa sipèvizyon enfimye.
- Fè piblisite ke manm yo se enfimye otorize, Asistan Sètifye Enfimye, pèsonèl sante adomisil, oswa resevwa fòmasyon pou sèvis medikal.
- Fè piblisite pou okenn sèvis sante.
- Fè piblisite pou okenn sèvis pou pwoblèm memwa.
- Fè piblisite pou okenn sèvis swen Alzheimer/ Demans oswa swen palyatif.
- Angaje nan okenn piblisite ki pa vre oswa kap twonpe.
- Montre ke anrejistreman ke Department of Consumer Protection (DCP, Depatman Pwoteksyon Konsomatè) bay la reprezante yo andosman pou HCA oswa pou kalite sèvis HCA founi an.

Kisa ki konsitiye yon piblisite?

Yon piblisite genyen tou reprezantasyon ki veyikile nan nenpòt manyè ou nenpòt fòm, sa enkli enpresyon, kominike laprès, plasman pwodwi sèvis, radyo, televizyon, rezo sosyal, ak kominikasyon ki ekri de fason elektwonik yo. Egzanp adisyonèl piblisite enkli byografi manm pèsonèl yo ak logo.

Eske yon HCA ka fè piblisite pou yon sèvis medikal?

Non, yon HCA pa ka fè pibliste oswa ofri okenn sèvis medikal tankou administre insulin oswa lòt medikaman, manipile pochèt kolostomi, katetè Foley, pran tansyon, bay swen pou blesi, reyalize tretman terapi fizik, oswa prepare dyèt espesyal.

Eske yon HCA ka bay medikaman?

Non, anplwaye yo pa otorize pou prepare, kraze, mezire, triye, distribiye, ensere, oswa administre okenn medikaman.

Eske yon HCA ka fè piblisite pou yon fòmasyon kèlkonk?

Yon HCA kapab fè piblisite sèlman pou fòmasyon non medikal pou sèvis ki otorize pa yon sètifika DCP.

Eske yon HCA ka fè pwomosyon pou Swen Pèsonèl oswa lòt sèvis ki ofri bay kliyan DSS yo?

Non. Yon HCA kapab fè piblisite sèlman pou sèvis ki otorize pa yon sètifika DCP. Ou kapab di ke ou patisipe nan pwogran ke Department of Social Services (Depatman Sèvis Sosyal) ofri pou moun ki kalifye yo.

Eske yon HCA ka fè piblisite ke pèsonèl yo resevwa fòmasyon espesyal pou ede nan swen pou kliyan ki gen pwoblèm memwa yo tankou Alzheimer oswa Demans?

Non, Alzheimer ak Demans se dyagnostik medikal e HCA paka fè piblisite ke pèsonèl yo espesyalman antrene pou asiste oswa bay swen ak kliyan ki gen kèk pwoblèm medikal. Modèl pibliste sa yo t ap vle di ke manm pèsonèl yo pral founi sèvis medikal ke yo pa kapab founi legalman.

Eske mwenn ka enkli tèm tankou swen pou pwoblèm memwa, Alzheimer, Demans, oswa nenpòt lòt tèm ki enplike dyagnostik medikal nan piblisite yo?

Non, Mete tèm tankou sa yo nan pibliste w kapab twonpe konsomatè yo, fè yo kwè ke ou kapab founi sèvis ki pa otorize pa yon sètifika HCA.

Kisa yon HCA "DWE" fè?

- Yon HCA dwe posede yon anrejistremant valid nan DCP an si yo etabli, ap opere, genyen, fè piblisite, jere, oswa ofri sèvis HCA.
- Yon HCA dwe deklare nan tout piblisite ke ajans lan anrejistre epi mete nimewo anrejistremant nan nenpòt piblisite.
- Yon rejis dwe bay konsomatè an yon avi sou repsonbilite legal li epi dwe poste yon modèl avi an sou sit entènèt yo.

Eske yon HCA ka fè piblisite pou yon patenarya ak yon lòt antite sou sit entènèt yo?

Sofsi HCA diferansye de fason klè sèvis li founi yo pa rapò ak sèvis ki founi pa nenpòt lòt biznis lan. Li dwe klarifye ke y ap refere konsomatè an bay yon biznis separe. Si relasyon ant biznis yo pa klè, yo kapab mennen investigasyon sou HCA deske li enplike l nan pratik biznis pou twonpe moun.

Eske yon HCA ka fè pibliste ke yo ofri nivo sèvis CNA?

Non, sètifika HCA se pou asistans non medikal sèlman.

Kontakte Department of Consumer Protection

Liy Prensipal
(860) 713-6100

Sant Plent pou Konsomatè
(860) 713-6300

Divizyon Envestigasyon
(860) 713-6180
dcp.investigations@ct.gov

Liy Gratis
(800) 842-2649
dcp.complaints@ct.gov

450 Columbus Blvd., Suite 901
Hartford, Connecticut 06103-1840

